



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK KONPAYI COCA-COLA SELEBRE INOGIRASYON NOUVO
ETABLISMAN PWODIKSYON fairlife® NAN KONTE MONROE – PI GWO
ETABILISMAN PWODIKSYON PWODUI LETYE NAN NÒDÈS LA**

*Investisman 650 milyon dola prevwa kreye apeprè 250 nouvo travay nan Vil
Webster*

*Gouvènè Hochul te fè yon pwopozisyon pèsònèl pou konpayi an chwazi New
York dapre repitasyon Eta a ki gen renome mondyal kòm lidè global nan
agribiznis*

*Gouvènè a anonse 20 milyon dola sipò Eta a pou ede vil la avèk amelyorasyon
enfrazstrikti ki nesèsè pou izin tretman dlo ize dènye modèl li a*

*Investisman an konplete "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global
rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul ak reprezantan The Coca-Cola Company ak fairlife jodi a te make inogirasyon yon nouvo etablisman pwodiksyon fairlife, yon investisman 650 milyon dola nan Vil Webster, Konte Monroe. Etablisman 745,000 pye kare a, ke yo te bati sou Tebor Road, pral sèvi kòm lokal prensipal fairlife nan Nòdès la epi li prevwa fonksyone nan 4èm trimès 2025. Empire State Development ap bay jiska 21 milyon dola asistans pou pwojè fairlife atravè Pwogram Excelsior Jobs TaxPwogram Kredi Enpo pou Djòb Excelsior (Excelsior Jobs Tax Credit Program) a ki baze sou pèfòmans Credit ki baze sou pèfòmans epi Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ap bay prèske 8.5 MW kouran ReCharge NY nan pri ki ba an echanj pou angajman kreyasyon djòb. Konpayi an te chwazi New York apre yon pwopozisyon pèsònèl Gouvènè Hochul te bay akòz asistans inestimable gouvènman ak patnè kominote yo ak repitasyon eta ki gen renome mondyal li kòm yon lidè global nan agro-endistri ak yon kominote letye inovan san parèy. Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la, Ajans pou Devlopman Endistriyèl (Industrial Development Agency, IDA) Konte Monroe, Vil Webster, Gaz ak Elektrisite Rochester (Rochester Gas and Electric) ak Greater Rochester Enterprise (GRE) te jwe yon wòl enpòtan nan mennen konpayi an nan Eta New York.

"Ta New York se youn nan pi bon kote nan peyi a pou konstwi yon biznis. Nou fyè pou nou akeyi The Coca-Cola Company ak etablisman pwodiksyon letye fairlife la, ki reprezante yon investisman 650 milyon dola nan Konte Monroe", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan yon fanmi kiltivatè letye llandè, sa a pèsonèl pou mwen — epi byento, li pral pèsonèl pou plizyè milye rezidan Finger Lakes ki pral gen aksè ak travay ak opòtinite ekonomik. Mwen angaje nan fè investisman estratejik nan biznis agrikòl New York yo pou asire plas nou kòm youn nan pi gwo pwodiktè letye nan nasyon an, kreye bon djòb nan manifakti, epi fè ekonomi eta nou an avanse."

Vis Prezidan Egzekitif Coca-Cola ak Prezidan Inite Operasyon nan Amerik Dinò, Jennifer Mann, te deklare, "Inogirasyon nouvo etablisman fairlife isit la nan Webster make yon etap enpòtan pou prezans The Coca-Cola Company nan New York. Etablisman an pral bati sou gwo eritaj enpak ekonomik nou an nan eta a, pou l ajoute djòb konpetitif ak plis ranfòse vitalite ekonomik pou Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Jeneral fairlife la, Tim Doelman, te deklare, "Nou kontan dèske n ap poze fondasyon pou pwochen faz kwasans fairlife pandan n ap kòmanse konstriksyon etablisman Webster a, sa ki pèmèt pi gwo distribisyon pwodwi nou yo nan Nòdès ak atravè peyi a. Nou rekonesan pou kolaborasyon ak sipò nou te resevwa nan men vil Webster pandan tout pwosesis sa a epi nou kontinye valorize patenarya k ap grandi nou an ak kominote Webster a."

Gouvènè Hochul te anonse tou ke Eta New York pral bay 20 milyon dola atravè Kòporasyon Enstitisyon Anviwònman Eta New York pou ede Vil Webster modènize izin tretman dlo ize ki aje a. Asistans finansye sa a enpòtan anpil pou ede Vil la satisfè bezwen enfrastrikti dlo ize enpòtan li yo epi sipòte pwojè devlopman ekonomik transfòmasyon sa a. Amelyorasyon nan izin lan pral ede ogmante kapasite pou ogmante baz rezidansyèl ak endistriyèl epi fè operasyon nan izin tretman an pi dirab pou anviwònman an. Nouvo investisman an baze sou yon sibvansyon 20 milyon dola FAST NY pou Konte Monroe ki te anonse an 2023 pa Gouvènè Hochul, pou itilize nan sit Tebor Road nan Webster, sa ki pèmèt konte a amelyore enfrastrikti elektrik ki egziste deja a epi amelyore atirans rejyon an genyen pou sektè agro-endistri ak sektè fabrikasyon machin endistriyèl yo.

Fonde an 2012, fairlife te fè konsepsyon yon liy pwodwi letye ki fèt atravè yon transfòmasyon ki ultra-filtre ki retire laktoz ak pifò nan sik la epi ki kite plis pwoteyin ak kalsyòm. Konpayi an ofri yon pakèt pwodwi ki gen ladan lèt ultra-filtre fairlife®, shake pwoteyin Core Power®, ak shake Plan Nitrisyon® fairlife®. Konpayi The Coca-Cola Company se yon patnè estratejik pou fairlife depi lè li te lanse an 2012 atravè akizisyon final konpayi a an 2020.

Transfòmasyon iltrafiltrasyon inik fairlife® la bay lèt yo youn pi long dire lavi epi kreye yon pwodwi ki gen mwens sik, plis pwoteyin ak plis kalsyòm pase lèt konvansyonèl yo pou k ap vann sou mache a. Itilizasyon nou prevwa yo egal a yon estimasyon 5 milyon liv lèt ki soti lokalman pa jou, sa ki fè li pi gwo izin letye nan Nòdès la epi li pozisyon New York pou l rete youn lidè nan tout peyi a nan pwodiksyon letye.

Gouvènè Hochul rete angaje pou l adrese bezwen pou plis kapasite pou transfòmasyon agrikòl epi sipòte prèske 3,000 fèm letye New York yo. Gouvènè a te anonse dènyèman 34 milyon dola nan sibvansyon pou teknoloji depo lèt nan fèm ak enfrastrikti transfòmasyon kòm yon pati nan yon akò konsèp sou Bidjè ane fiskal 2025 la. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la, Gouvènè a te asire yon gwo ogmantasyon nan Kredi Taks pou Envestisman soti 4 pousan a 20 pousan pou biznis agrikòl yo. Gouvènè a te asire tou yon ogmantasyon nan Kredi Taks pou Retansyon Mendèv Agrikòl la a ki se 1,200 dola pou chak anplwaye nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a epi li te etabli yon kredi taks pèmanan ranbousab pou lè sipleman tè ki pi enpòtan nan peyi a pou lè sipleman tè anplwayè fèm yo peye. Anplis de sa, Gouvènè a te dirije devlopman yon ekip entèajans ak Empire State Development ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la an 2023 k ap travay pou soulaje twou vid ki genyen nan chèn apwovizyonma an nan travay ak nouvo biznis ak biznis kap agrandi pou ankouraje plis envestisman nan fabrikasyon manje nan Eta a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Endistri letye a se yon pati enpòtan nan ekonomi Eta New York la, kidonk nou eksite anpil pou nouvo etablisman fabrikasyon fairlife la, epi akeyi angajman konpayi Coca-Cola prensipal la pran pou konstwi travay ak opòtinite isit la nan Konte Monroe. Ogmante pwodiksyon nan New York pral pèmèt fairlife pwofite anpil avantaj de resous agro-biznis ki san parèy nan eta nou an, ki gen ladan yon gwoup talan ki gen konpetans ak eksperyans, ki pral kenbe koulwa letye yo ranpli epi akselere siksè kontinyèl konpayi sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Nou toujou ap obsève peyizaj devlopman biznis nan tout Eta New York pou idantifye lokal kote enèji Otorite Enèji nan pri ki ba ka gen plis enpak. Prèske 8.5 megawat enèji ReCharge NY yo bay Fairlife pral ede asire plizyè santèn travay nan manifakti bwason pou ane k ap vini yo nan Konte Monroe."

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache yo, Richard A. Ball, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou akeyi ofisyèlman fairlife nan kominote letye nou an isit la nan Eta New York. Antanke premye sektè agrikòl nou an, pwodui letye se yon pati enpòtan nan tisi eta nou an epi se bèl bagay pou nou wè konpayi inovan tankou fairlife rekonèt sa epi rejwenn envestisman nou an nan pwodui letye New York. Nouvo lokal fairlife nan Webster a pral gen yon gwo enpak sou fèm letye nò eta nou yo nan ane k ap vini yo, avèk 250 djòb ki te kreye ak yon mache elaji pou lèt New York ki fre ak nourisan. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè eta ak lokal nou yo pou travay yo fè nan reyalize pwojè sa a epi nou pa ka tann pou n leve yon vè lèt fairlife New York la nan selebrasyon!"

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye fè envestisman nan enfrastrikti dlo vin yon priyorite prensipal atravè Eta a. Sibvansyon 20 milyon dola pou Vil Webster se diferans ki genyen ant yon plan ki byen planifye ak

inogirasyon reyèl yon pwojè ki pral ede Vil la satisfè bezwen enfrastrikti dlo ize enpòtan li yo epi poze fondasyon pou kwasans ak devlopman alavni."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke reprezantan eta nan Webster, mwen pa ka tann pou m akeyi fairlife nan zòn Greater Rochester a. Desizyon Fairlife pou konstwi etablisman sa a nan kominote nou an pale sou kalite endistri letye New York la, ansanm ak mendèv lokal solid nou an. Mwen rete angaje nan kreye yon kominote ki alafwa akeyan pou nouvo biznis ak biznis k ap grandi epi ki sipòte travay salè ki byen peye pou viv nan mendèv lokal nou an."

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Mwen kontan akeyi Fairlife nan 130èm Distri Asanble a epi mwen remèsye yo paske yo fè kominote nou an tounen nouvo kay yo. Kòm yon kiltivatè pou tèt mwen, mwen konnen efè domino ke etablisman sa a pral genyen sou endistri letye nou an. Non sèlman li pral kreye dè santèn nouvo djòb nan Webster, li pral asire tou ke fèm letye atravè rejyon nou an ak plizyè santèn moun yo anplwaye yo pral kapab kontinye ak grandi. Jodi a make yon nouvo espwa pou fèm fanmi yo atravè rejyon nou an ki pral enperatif pou sipòte Fairlife epi ba yo 5 milyon liv lèt lokal yo ke yo pral transfòme isit la chak jou."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Nou akeyi ak fyète nouvo etablisman fairlife la — pi gwo izin transfòmasyon letye nan Nòdès la — nan Webster. Bati sou eritaj rich nou an soti nan moulen farin nan 19èm syèk la rive nan endistri gwo teknoloji yo jodi a, izin sa a make yon etap enpòtan nan pakou k ap kontinye nan inovasyon ekonomik ak dirabilite. Investisman fairlife nan kominote nou an non sèlman pote nouvo djòb, men tou ranfòse wòl Konte Monroe kòm yon lidè nan endistri manje ak bwason modèn lan. Mèsì a fairlife ak konpayi prensipal Coca-Cola paske yo rekonèt Konte Monroe se bon kote pou etablisman prensipal yo a nan Nòdès la. Mèsì tou pou Empire State Development ak Gouvènè Kathy Hochul pou angajman enkondisyonèl yo anvwè devlopman ekonomik ki ankouraje nouvo opòtinite pou kwasans ak pwosperite nan tout eta New York."

Sipèvizè Vil Webster, Tom Flaherty, te deklare, "Vil Webster fyè pou l akeyi ofisyèlman Konpayi Coca-Cola ak fairlife nan kominote nou an. Etablisman sa a reprezante angajman nou pou pwogrè, ansanm ak yon koneksyon solid ak rasin agrikòl Webster a. Avèk yon investisman 650 milyon dola nan zòn nou an ak kreyasyon 250 djòb lokal yo prevwa, nou pa ka tann pou temwanyen kwasans ekonomik fairlife pral pote nan zòn nan ak enpak sibstansyèl sou rezidan yo ak fanmi yo nan kominote Webster ak odela. Pandan n ap prepare pou yon etablisman nan grandè sa a, Vil Webster ap fè gwo mizajou nan enfrastrikti tretman dlo ize. Nou rekonesan anvwè Gouvènè Hochul ak Kòporasyon Enstitisyon Anviwònman (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta New York pou patenarya ak sipò yo atravè 20 milyon dola nan sibvansyon pou pwojè sa a."

Pedro Azagra, PDG Konpayi prensipal RG&E Avangrid, te deklare, "Sipòte devlopman kominote nou sèvi yo kontinye rete yon priyorite pou Rochester Gas and Electric ak Avangrid. Nou kontan pou nou rejwenn Gouvènè Hochul, Konpayi Coca-

Cola, fairlife ak patnè nou yo nan kominote a pou selebre inogirasyon motè ekonomik ak kreyatè travay sa a pou Konte Monroe."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare, "Nou kontan dèske yo te chwazi Greater Rochester nan pwosesis trè konpetitif sa a pou òganize etablisman pwodiksyon fairlife la. Desizyon sa a pale anpil sou pwen fò rejyon nou an, ki gen ladan mendèv kalifye nou an, kominote letye inovan, anviwònman biznis ki bay sipò, ak efò kolektif nan montre sa ki fè Konte Monroe vin yon destinasyon ideyal pou gwo investisman yo. Nou eksprime rekonesans sensè anvè bay Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, ak The Coca-Cola Company pou vizyon yo ak patenarya yo nan pèmèt pwojè sa a reyalize epi nou pa ka tann kolaborasyon kontimyèl."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise Matt Hurlbutt, te deklare, "Apwovizyonman bon jan kalite lèt, talan jeni trè kalifye, ak yon kominote akeyan ak yon istwa nan inovasyon pwodwi se kèk atou esansyèl ki te pouse The Coca-Cola Company chwazi rejyon Greater Rochester, NY la kòm sit premye etablisman Fairlife nan nòdès Etazini. Byen lontan apre premye anons la, Greater Rochester Enterprise kontinye sipòte fairlife, sa ki fasilite koneksyon ant lidè konpayi yo ak pati konsène rejyonal kle yo nan biznis, kominote, ak inivèsite. Efò kolaborasyon sa a gen pou objektif pou prepare wout pou yon lansman kifè siksè epi ranfòse plis lyen ant fairlife, kominote a ak sektè manifakti manje ak bwason k ap pwospere nan rejyon Greater Rochester, NY la."

Pou aprann plis sou fairlife, vizite: <https://fairlife.com/>

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplèman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyen ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwòle Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

Enfòmasyon sou Depatman Agrikilti ak Mache NYS la ak Endistri Letye NYS la

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la pwomouvwa agrikilti New York ak bon jan kalite pwodwi divès li yo, li ankouraje jerans anviwonmantal agrikòl, epi pwoteje apwovizyonman pwodwi alimantè, tè ak betay Eta yo pou asire vyabilite ak kwasans endistri agrikòl New York yo. Endistri letye New York la se yon sektè enpòtan nan ekonomi eta a epi kòm sektè agrikòl prensipal li, pwodi letye reprezante apeprè mwatye revni total agrikòl New York la. Eta New York gen prèske 3,000 fèm letye ki pwodui plis pase 15 milya liv lèt chak ane, sa ki fè New York se senkyèm pi gwo eta letye nan peyi a. Pwodiktè ak transfòmètè letye inik ak talantye New York yo bay kontribisyon enpòtan nan endistri agrikòl la, nan ekonomi an, ak nan sante kominote nou yo nan New York.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)